O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

NO`KIS MA`MLEKTLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

TA`BIYaTTANIW FAKUL`TETI

GEOGRAFIYa KAFEDRASI

Biogeografiya pa`ninen

# REFERAT

TEMA: **O'ZBEKSTANNIN' FLORASI HA'M FAUNASININ' LANDShAFTLAR BOYLAP JAYLASIWI. TA'BİY'IY' RESURSLARIN QORGAW HA'M RATSİONAL PAYDALANIW**

**Orinlag`an:** **Xojambergenova**

**Qabillag`an:** **J.Jalg`asbaev**

**TEMA: O’ZBEKSTANNIN’ FLORASI HA’M FAUNASININ’ LANDShAFTLAR BOYLAP JAYLASIWI. TA’BİYG'IY RESURSLARIN QORG’AW HA’M RATsİONAL PAYDALANIW.**

**JOBASI:**

1. **Sho’lde tirishilik etiwshi o’simlik ha’m haywanlar.**
2. **Tog’aylarda tirishilik etiwshi o’simlik ha’m haywanatlar.**
3. **Taw aldı adırlarındag’ı o’simlik ha’m haywanatlar.**

Ta’biyatta bir tu’rdegi o’simlikler a’dette basqa tu’rdegi o’simliklerden o’z aldına bo’lek jasamaydı. Olar birgelikte tirishilik etedi. Ha’r tu’rli o’simliklerdin’ bir qıylı ha’m sonday jag’daylarda birge jasawının’ sebebi, o’simliktin’ ha’r bir tu’ri sırtqı ortalıqqa o’zi iykemlesedi.

O’zbekstannın’ ta’biyatı ju’da’ quramalı bolıp, onda tegislik ha’m oypatlıqlar, sho’l ha’m espe qumlıqlar, taw ha’m tog’aylıqlar bar.

Sho’listanıqlar O’zbekstannın’ ko’pshilik bo’limin iyeleydi.. Bul zona o’zine ta’n o’zgesheliklerge iye. Gu’zdegi yamasa ba’ha’rdegi jawınlı da’wirde espe qumlardın’ jan bawırlarındag’ı ıg’allı jerlerde tuqımlar o’sip shıg’adı. Biraq son’ınan jawınlar toqtap qalg’anlıqtan ko’pshilik na’ller quwrap qaladı. Bir aydan keyin aman qalg’an na’lshe tez o’se baslaydı. Sho’ldin’ qumlıqlarında tiykarınan selew, ju’zgin, ra’n’ler ha’m seksewiller o’sip tirishilik etedi. İlimpazlar selewdi espe qumlardag’ı birinshi qonıslanıwshı dep ataydı. Espe qumlarda juwsan, soralar ha’m efemer o’simlikler o’sedi.

Efemerler tek g’ana atmosferadan jawın-shashınlar jawıp turg’an waqıtta: erte ba’ha’rde ha’m gu’zde g’ana jasaydı. Bul o’simlikler iyun ayında qumg’a tuqımların qaldırıp o’zleri o’lip, quwrap qaladı. Geypara o’simlikler jazda o’lmeydi, olar tınıshlıq halına o’tedi. Mısalı, lala gu’linde jer u’sti organları g’ana quwrap al pıyazshaları topıraqta jasaydı.

Sho’lde hawa qurg’aq ha’m ıssı bolıp, jawın-shashın ju’da’ az jawadı (jılına 180-200mm). Sonın’ ushın sho’lde o’setug’ın o’simliklerdin’ tamırları uzın bolıp keledi (to’mendegi ıg’aldı alıw ushın), olardın’ japıraqları formaların o’zgertken (suwdı az puwlandırıw ushın) boladı. Mısalı: ko’pshilik o’simliklerdin’ japırag’ı kishkene bolıp, olar tikenge aylang’an, al ayrımlarında qabırshaqqa aylang’an boladı.

Sho’lde tiykarınan jer bawırlawshılar, su’t emiziwshilerden kemiriwshiler, u’stemlik etedi. Mısalı, jılanlar, kesirtkeler, tasbaqalar, balpaq tıshqanlar, h.t.b. Tuyaqlılardan bolsa U’stirtte saygak, Qızılqumda jayranlardı atap o’tsek boladı. Biraq sho’listan fauna ha’m florası basqa biotoplarg’a qarag’anda jarlı boladı.

Sebebi bul jerde ko’pshilik o’simlik ha’m haywanlar ushın kerekli bolg’an sha’rayat joq.

O’zbekstannın’ da’rya alaplarında jaylasqan puta ha’m ag’ashlar tog’aylar dep ataladı. Elimizdegi tog’aydın’ barlıq tirishiligi da’rya menen tıg’ız baylanıslı boladı. Bul poyas ayrıqsha o’zgeshelikke iye. Olar yag’nıy tog’aylardın’ japıraqları ku’shli ıg’allang’an bolıp, jer astı suwları jer betine jaqın jaylasadı. Sonlıqtan bul jerlerde jasawshı o’simlikler suwg’a artıqmash toyıng’an boladı. Basqa ta’repinen tog’ay sho’listan menen tıg’ız baylanısta boladı. Tog’ay o’simlikleri jaqtılıq su’ygish ha’m sayag’a shıdamsız boladı. Tog’ay biotsenozında dominantlıq roldi toran’g’ıllar, jiydeler, tallar ha’m jın’g’ıllıqlar iyeleydi. Olar menen birge sho’p o’simlikler de (jantaq, sora h.b) aralasıp o’sedi.

O’zbekstanda da’rya alaplarınan basqa taw qıyalıqlarında da tog’aylar gezelesedi. Tawdag’ı tog’aylar da’rya alaplarındag’ı tog’aylardan anag’urlım o’zgeshe boladı. Olardın’ tirishilik etiw jag’dayları basqasha: topıraqta ıg’allıq az, jazda tawda hawa ıg’allı ha’m salqınlaw boladı. Tog’aylar da’rya alaplarındag’ıday qalın’ bolıp o’spey, olar siyrek bolıp o’sedi. Tawdag’ı tog’aylardı payda etetug’ın o’simliklerdin’ tu’rlerine baylanıslı, olar to’mendegi o’simlik toparlarına bo’linedi: grek g’ozalı, dolanalı, almalı, terek-qayın’lı, archalı h.b toparlar. Bul o’simlik toparında ag’ashlardan basqa, putalar ha’m sho’pler de o’sedi. Ha’r bir o’simlik toparı belgili bir relef, topıraq, jaqtılıq sha’rayatında jasaydı. Mısalı, grek shishkalı tog’ay toparı arqadan esetug’ın suwıq samallardan qorg’anıw ushın oy jerlerde o’sedi. Al archa tog’ayları samal jaqsı o’tetug’ın taw alaplarında o’sedi. Archa toparında onın’ menen birge ryabina, jimolosttın’ ha’r qıylı tu’ri, terek, dolana, klen, barbaris h.b. o’simlikler o’sedi. Archa barlıq waqıtta siyrek o’sedi. Onın’ ag’ashlarının’ arasında sayag’a shıdamlı sho’pler, moxlar, lishaynikler o’sedi.

Tog’aylar haywanatlar du’nyasına bay keledi. O’zbekstan tog’aylarında qırg’awıl, shımshıq, torg’ay, bu’lbil, ha’kke; su’t emiziwshilerden: tu’lki, shag’al, porsıq, h.b haywanlar tirishilik etedi. Tawlarda bolsa bu’rkitler, qara qus, taw eshkileri, sasıq gu’zen, dala tıshqanları jasaydı. O’zbekstannın’ to’rtten bir bo’limin tawlar iyeleydi.

O’zbekstan ta’biyatı o’simlik ha’m haywanatlar du’nyasına ju’da’ bay. Bul haywan ha’m o’simlikler tek turaqlı zat almasıwdı ta’miyinlep qoymastan adamlar ushın da u’lken a’hmiyetke iye.

Biraq keyingi jılları adamzat iskerliginin’ ha’dden tıs ku’sheyip, aqılg’a muwapıqsız paydalanıwı na’tiyjesinde-bul biybaha baylıqlarımızdın’ ko’pshilik tu’rleri azayıp ketti, ayırımları fauna ha’m floramızdan pu’tkilley joq bolıp ketti. Olardın’ qatarına su’t emiziwshilerden turan jolbarısı, gepard, Buxar suwını, qulan, Qızıl-qum taw qoshqarın kirgizsek boladı. Al o’simliklerden aq tun’g’ıyıq, torsıldaq, paporotnikler ha’zir joq. Ko’pshilik o’simlik ha’m haywanlar joq bolıp ketiw aldında tur. Mısalı, haywanlardan qaraqulaq, kirpitiken, ondatra, bekire, kobra, giena, bu’rkit, qırg’ıy h.b.

Siyrek ha’m jog’alıp baratırg’an haywanlardı saqlap qalıw, qorg’aw ushın 1983-jılı O’zbekstan «Qızıl kitabı» du’zildi. O’zbekstannın’ «Qızıl kitabına» su’t emiziwshierdin’ 22 tu’ri, quslardın’ 31 tu’ri, jer bawırlawshılardın’ 5 tu’ri ha’m balıqlardın’ 5 tu’ri kirgen.

Ha’r qanday tu’rdi qorg’aw ushın birinshi gezekte biz sol tu’rdin’ jasaytug’ın jerin, u’yin qorg’awımız kerek. Ta’biyattı qorg’aw-bul tu’rdi sol qa’lpinde saqlaw emes, al olardı ratsionla paydalanıw ha’m ko’beytiw bolıp tabıladı. Sol ushın ta’biyattı qorg’aw ma’selesi, onın’ resurslarınan u’nemli paydalanıw, tek ekolog ha’m biolog qa’nigelerdin’ wazıypası bolıp qalmastan al ma’mleketlik sho’lkemlerdin’, ja’miyetlik birlespelerdin’ ha’m xalıqtın’ ken’ qatlamının’ wazıypası bolıwı kerek. Ta’biyattı qorg’aw ilajların ko’rgende ta’biyattan ratsionla paydalanıw ha’m ta’biyiy resurslardı qorg’awdın’ durıs jolın tawıp alıw kerek. Usı jolg’a xalıqtı oqıtıp barıw kerek. Onı erteden, baqsha jasınan baslawımız kerek.

## PAYDALANIL”AN A’DEBİYaTLAR:


### Tiykarg’ı:

1. Voronov A.G. Biogeografiya s osnovami ekologii. M., MGU. 1987.
2. Voronov A.G. Drozdov N.N. Myalo E.G. Biogeografiya mira. M., 1985.
3. Vtorov P.P., Drozdov N.N. Biogeografiya. M., 1974.
4. Vtorov P.P., Drozdov N.N. Biogeografiya materikov. M., 1974.
5. Leme J. Osnovı biogeografii. M., 1976.
6. Yaroshenko P.D. Obshaya biogeografiya. M; Mısl. 1975.
7. Bobrinskiy N.A., Gladkov N.A. Geografiya jivotnıx. M., 1961.
8. Lopatin İ.K. Zoogeografiya. L.1989
9. Hamidov A. Wsimliklar geografiyasi. T., Wqituvchi. 1986.

### Qosımsha:

1. Zaxidov T.Z., Meklenburtsev R.N. Priroda i jivotnıy mir Sredney Aziy. t. 1. Tashkent. 1969.
2. Zaxidov T.Z., Meklenburtsev R.N., Bogdanov O.P. Priroda i jivotnıy mir Sredney Aziy. t. 2. Toshkent. 1971.
3. Kultiasov İ.M. Oxunov X.M.- Wsimliklar ekologiyasi. Toshkent. 1990.
4. Rahimbekov R.U. Sredneaziatskaya ekologo-geografichekskaya shkola. Toshkent. 1986.
5. Rahimbekov R.U. Otechestvennaya ekologicheskaya shkola. Toshkent. 1995
6. Twxtaev A., Hamidov A. Ekologiya va tabiatni muhofaza qilish. T., 1994.
7. Chernova N.M. Bılova A. M. Ekologiya. M., Prosveshenie. 1988
8. Ametov M. Ptitsı Karakalpakii i ix oxrana. Nukus. 1981